Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

Вестник
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 17 (9861 1 май 2020 с. /Рузман 8 Рамазан 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




*Первомай, как праздник, был установлен в июле 1889 года Парижским конгрессом II Интернационала в память о выступлении рабочих Чикаго 1 Мая 1886 года. Во времена СССР его называли Днем международной солидарности трудящихся. Этот день был символом революции, непримиримой классовой борьбы, имел «политическую окраску». Он отмечался демонстрациями, украшенными портретами политических деятелей, передовиков производства, лозунгами, призывами, плакатами.*

*Сегодня в РФ праздник утратил свой политический окрас и отмечается под названием Праздника Весны и Труда.*

*Для многих 1 Мая традиционно символизирует возрождение и приход весны.*

## *Уважаемые жители района!*

Поздравляем вас с праздником Весны и Труда! В этот весенний день хочется пожелать всем вам здоровья, счастья, мирного неба, бодрости, света, знаний, эмоциональной насыщенности и вдохновения. Пусть вам всегда сопутствует удача!




***Ежегодно 30 апреля свой профессиональный праздник отмечает одна из самых жизненно необходимых служб быстрого реагирования – пожарная охрана. Праздник учрежден 30 апреля 1999 года.***

***Уважаемые пожарники!***

Поздравляем вас с праздником! Желаем вам мира и согласия в ваших домах, пусть удача сопутствует вам всегда.

Желаем, чтобы в вашей жизни было как можно меньше пожаров, огня и горя. Пусть удача всегда будет на вашей стороне.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

## Видеоконференция тIобитIана



27 апрелалда районалъул бетIер XI.XI. Мусаевас коронавирус районалда тIибитIунгутIиялъе гIуцIараб оперативнияб штабалъул видеоконференция тIобитIана.

ГьелъулЪ гIахьаллъана жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул. ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев Р. Памиевасул биценалда рекъон, больницаялда вуго ОРВИялъ унтарав **20 чи.** Гьезул **11 чи** пневмониялъ унтараллъун чIезабун буго. Гьездасан 6 чиясул анализаз бихьизабуна коронавирус гьезда гьечIеблъи, хутIаразул анализазул жавабал жеги рач1ун гьечIо. Лъабго унтарав чи захIматго вуго.

Коронавирусалъ унтаралгун бухьеналда рукIарал **25 чи** карантиналда ва цоги бакIаздаса рачIарал **57 чи** халкквеялда руго.

XI.XI. Мусаевас конференциялъул гIахьалчагIазул кIвар буссинабуна коронавирусалде дандечIеялъе тIоритIизе рихьизарурал тадбирал, чара гьечIого, цIунизе ккеялде.

Гьес абуна: **«Коронавирусалда хурхараб ахIвал – хIал, нилъер районалда жеги чучлъулеб гьечIо. Щивав жавабияв хIалтIухъанасда тIадаб буго коронавирус тIибитIунгутIиялъе рихьизариял тIуразариялда тIад хIалтIизе. Районалъул администрациялъ кIвараб кумек гьабизе буго больницаялъе, бачIараб гIарзаялъе нилъеца кьезе ккола хехаб жаваб. Росабазул бутIруз кколеб даражаялда хIалтIи гьабулеб гьечIо, бичIчIенкьеялъул хIалтIи гьез чучлъизе тун буго. ГодекIабахъ гIадамал данделъизе риччалел руго.**

**Гьединго, хвел ккаралъур цIунизе кколел тадбиразда тIасан бицен гьаби цIикIкIинабизе ккола. Хасаб кIвар буссинабе гьаб хирияб моцIалъ рес гьечIезе кванил нигIматалгун квен щвезариялде. Гьелда гьоркьоб цIунизе ккола санитариял нормабиги»**, - ян.

Данделъиялда гьарурал кIалъаял хIисабалдеги росун, оперативнияб штабалъ хIукму гьабуна:

- коронавирусалде дандечIеялъул режим цIунизе;
- ОМВДялъ техникаялъулгун гIадамазул хьвадиялъе гIорхъи чIезабизе, гьелда хадуб хал кквезе чIезарурал постазул хIалтIи хадуккунги гьабизе;
- ЦРБялъ щибаб къойилаб хал гьабиялде росизе къватIиса районалде рачIарал ва унтаралгун бухьеналда рукIарал г1адамал;
- коммерческиял объектазде щибаб къойил рейдал тIоритIизе. Хал гьабизе гьез унтиялде дандечIеялъе гьаризе т1адал тадбирал цIунулел ругищали, ратичIони, гьезда тIад гIака къотIизе, ялъуни гьел къазе;
- районалъул гIуцIабазда дезинфекция гьабиялъул хIалтIаби тIоритIизе.

**М.- Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

## ГурхIел – рахIмуялъул акциябазул цояб



Цересел соназ, хирияб моцI букIин хIисабалдеги босун, «Казбек районалъул гIолилал» ДРООялъ ва «Инсан» фондалъ Рамазан моцIалъ нухжа ругезе, рукъоб квен хIадуризе рес гьечIезе централияб мажгиталъулъ квен хIадурулеб букIана. Гьелдаго цадахъ, нухлул бакI – бакIазда чIун, гьез кIалбиххиялъе нухлулазе чамасдакIгун лъим бикьулеб букIана. ТIубараб моцIалъ, гьоркьобкъотIи гьечIого ва кIвахIтун, гьабуна гIолилаз гьеб кири цIикIкIараб хIалтIи.

Гьездасан мисалги босун, цоги росабалъги гьединал акцияби тIоритIана. Гьай – гьай, гьаб соналъги гIолохъабазда ракIалда букIана, жеги гIатIидго, гьеб гурхIел – рахIмуялъулаб акция тIобитIизе. Амма дунялалдаго тIибитIараб коронавирусалъ нилъер рукIа – рахъиналъулъ гIезегIанго хиса – басиял гьаруна.

Районалда гьеб унти тIибитIунгутIиялъе, гьарулел хIалтIаби нилъеда лъала. Гьелъ, гIемерал гIадамал данде гьаризе бегьулареблъи хIисабалдеги босун, рехсарал гIолилазгун фондалъ квен рукъоб хIадурулеб буго. Гьеб гIолилаз рес гьечIел гIадмазе щвезеги гьабула.

Гьал къояз рукъорецин инчIого, тохтурзаби больницалда чIун руго. Гьезие кIалбиххиялъеги гIолилаз квен щвезабула. Аллагьас кирилъун хъван батаги гIолилазул гьеб хIалтIи.

**Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА**


Лъикlлъиялъул эстафета
ЦIализе бегьула - 2 гьум.

К1удияб Бергьенлъиялъе - 75 сон
Рагъул гьугьай къотIаниги...
ЦIализе бегьула 3 гьум.

Дин ва г1умру
ХIеж борхи хисизе бегьула
ЦIализе бегьула 4 гьум.


**ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# ЛъикIлъиялъул эстафета




Коронавирус тIибит1иялъул хIасилалда, нилъер гIумруялъулъ ккана ракIалдаго гьеч1ел хиса-басиял. Гьез нилъ тIамуна жеги гIумруялъулъ рукIинчIел лъугьа – бахъиналгун дандчIвазе. Гьай – гьай, руго гIадамал гьел жидее цIакъго захIмалъарал. Гьеб рахъги хIисабалде босун, гIуцIабаз, хасал гIадамаз хIаракат бахъулеб буго дандч1валел захIмалъаби нахъчIваялъе тадбирал гьаризе. Гьелъул хIакъалъулъ цересел номеразда нижеца хъванги букIана.

Дилим росулъ байбихьараб «**ЛъикIлъиялъул корзина**» акциялъул рахъги ккун, Калининаул росулъги тIобитIулеб буго гьеб акция. «**Ас-салам**» тукада хIадурун ругоан продуктабазул полкал. Тукадул бетIергьанч1ужу Сияна ГIабдулхIажиевагун ккараб гара-ч1вариялда гьелъ абуна: «**Гьаб дуда бихьулеб кванил нигIматазул полка хIадурана, жиндирго харжалдалъун, росдал бетIер XI. XIажиевас. Гьеб бихьарал нилъер гIезегIанго гIадамаз гIарац кьолеб буго гьеб полкалдаса продуктаби камизе тогеянги абун. Нижеца хIаракат бахъула гьенир тIоцебесеб иргаялда хIажатал продуктаби чIезаризе. Рес гьечIел гIадамазда гьоркьор гIемер руго нечолел гIадамал.**

**Гьеб нижеца хIисабалде босула ва, речI рекIинабичIого, гьезда хIажатал нигIматал росизарула. Цо-цо гIолохъабаз гьел нигIматал рукъо – рукъореги щвезарула. Гьаб хирияб моцIалъ садакъаби гьари, лъикIал гIамалазда хьвади беццараб буго. Гьелъ, гIадамаз хIаракат бахъулеб буго цоцазе кумек гьабизе, цIикIкIун садакъаби гьаризе. Нижецаги бутIа лъолеб буго гурхIел – рахIмуялъул акциябазулъ. Аллагьас къабул гьареги киназулго садакъаби ва гьарулел лъикIал гIамалалгун гIибадат»**, - ан.

М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ

# Гьезул мурад – нилъ цIуни



Коронавирус, биценалда рекъон, кколеб буго гриппалъул цо тайпа. Цебеги гьеб унти букIун буго, амма исана гIадинаб ахIи-хIур гьелда сверухъ бахъун букIинчIо. Гьелда хурхун, гIалимзабаз, тохтурзабаз, политиказ ва гIадатиял гIадамаз загьир гьарулел пикрабиги, гьай – гьай, батIи – батIиял руго. Щай гьедин бугеб?

Киналниги унтабазда гьоркьоб грипп ккола, гьитIинаб къоялдаса байбихьун, инсан жибгун дандчIвалеб унтилъун. Гьеб унти цIикIкIунеь заман лъаларев чиги нилъеда гьоркьов ватиларо, гьединго, ватиларо гьелде данде лъикI чIолеб дару гьечIебльи лъаларевги. Жал чорхолъе лъугьине биччалареб дару ургъилелде, гриппалъул бактериябазул форма хисулеб буго. Гьемер букIуна заман, хасго хасало, гьелъ гIемераб къадар гIадамазул гьоркьобе цIараб. Гьединаб заманалда къала лъималазул ахал, школал, тIадегIанал заведенияби ва гь. ц.



Исана баккараб коронавирусалъул тайпа цIакъ хехго тIибитIулеб ва гьелъ гIумруялдаса ратIа гьарулезул къадар цIикIкIунеб буго. Гьелда данде чIеялъе тадбирал церего тIоритIизе байбихьаниги, унтиялъ росулезул къадарги дагьлъулеб гьечIо. Гьеб унти баккунгутIи мурадалда, нилъер районалда гIезегIанго хIалтIаби гьарулел руго.

Гьезул цояблъун ккола районалъул нухазда хасал постал чIезари. Дун дандчIвана гьеб тадбир т1обит1улел ОМВДялъул хIалтIухъабигун. Гьезул биценалда рекъон, постал чIезариялъе гIиллалъун кколеб буго гIемераб къадар гIадамазул рахъ-рахъалде хьвадизе биччангутIи, щай абуни, гьелъ районалда унти баккиялъе ресал цIикIкIинарулел рукIун.

Нухал тIубанго къан гьечIо, къватIире рахъинчIого т1убаларел гIадамазе гьел рагьун руго. Амма гьезда лъазабулеб буго цIуни – къаялъе гьаризе кколел тадбиразде кIвар кьейилан. Гьай – гьай, хасго росабалъ, камулел гьечIо, хIажалъи гьечIониги, техникагун къватIире рахъунелги. ЧIезаруаб заманалда цо – цо гьединаз хIалтIухъабигун дагIба балеб буго, ва гьезда гIайибал гьарулел руго. Нухда гIадлу-низам бихххунгутIиялъе гIазукьги цIадукьги I2 сагIаталъ эхетаразе хIажат букIунищ къец ва дагIба-рагIи? «**Рукъор чIа**», «**ЦIакъго хIажалъи ккани гурони, къватIире рахъунге**» абурал ахIияз, нилъеда ругьунал хьвада – чIвадиялъул къагIидаби дагьаб заманалъ хисизарунин абун, сабруялда рукIине кколеблъи кIочон тезе бегьулищ? Гьел тадбирал нилъ ц1уни мурадалда гурищ т1орит1улел ругел? Гьаб хирияб моцIалъ лъикIал пишаби гьариялъул, сабруялда хьвадиялъул, цоцазулъ «**гьуинлъи**» гьабиялъул кири гIемерго цIикIкIараб букIунин абула диниял гIалимзабаз. Аллагьас ц1ик1к1инареги тIолазулъго лъикIал гIамалал. ЦIунаги Аллагьас нилъ квешабщиналдаса ва нагагьал балагьаздаса.

М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ

Росдал магIишаталда

# Ихдалил культураби рекьиялъул кампания

27 апрелалда районалъул росдал магIишаталъул Управлениялде рачIарал баяназда рекъон, нилъер магIишатазда, тIадбан унеб буго ихдалил культураби рекьиялъул кампания Планалде босун букIун батани 2242 гектар бекьизе, бекьун буго 2004 гектар. Рекьи гIуцIиялда тIобитIун букIаниги, хьонал хьай дагьалъ нахъеккеялъе батIи-батIиял гIиллаби руго. Жиб – жиб культура хьаялъе бихьизабураб заман батIи – батIияб букIин, гьава – бакъ рекъон гьечIолъи ва гь.ц.

Гьай – гьай, коронавирусалъги лъуна гьелъулъ жиндирго «**бутIа**». Кин батаниги, божи лъола заманалда хьонал ракьулъе ккезариялъе нилъер магIишатаз хIаракат бахъизе букIиналда.

ГIабдулатIип ГIАБДУЛМУСЛИМОВ,
УСХялъул бетIерав агроном

# Ахиралде щолеб буго

Ахиралде щолеб буго районалъул росдал магIишаталъул гIуцIиязда гIи къинлъиялъул кампания.

27 апрелалде ругел баяназда рекъон, Пузайри XIамзатовас нухмалъи гьабулеб «**Хасаевасул ва Къасумовасул**» СПКялда къин лъун буго 6400 лемаг ва гьезда хадуб цIунун буго 6272 кьегIер.



Парацхан ГIабдулаевас бетIерлъи гьабулеб «**БагIараб Октябрь**» СПКялда 4509 лемагалъ кьун буго 4505 кьегIер.

ДандчIвалел захIмалъабазухъ балагьичIого, росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз гьеб кампаниялда лъикIал хIасилал рихьизарулел руго.

Киналниги магIишатазе гьеб кампаниялда щун буго 22 589 кьегIер. Араб соналъул хIасилазде данде ккун, гьаб соналъул хIасилал 2 проценталъ лъикIлъун руго.



ГIи къинлъиялъул кампаниялда хадубго тIаде щвана гIи къунцIиялъул заманги. ТIоцебе гIи къунцIизе байбихьана «**БагIараб Октябрь**» СПКялда. ГIуцIиялда къунцIари нухда тIобитIиялъе гьенир чIезарун руго киналниги ресал ва бакIалда хIалтIулев вуго 23 къунцIарухъан. ТIолалго магIишатазда къунцIизе ккола 72 I00 гIиялъажо.

ГIабдулмуслим ГIАБДУЛМУСЛИМОВ, УСХялъул бетIерав ветеринар

КIудияб Бергьенлъиялъе – 75 сон

# Рагъул гъугъай къотIаниги...



Гьале тIаде щолеб буго КIудияб Бергьенлъиялъе 75 сон тIубаялъул юбилей. Гьеб ккола Россиялъул халкъалъе рокъулел байрамазул аслияблъун. Гьединаблъун гьеб букIиналъе гIилла лъаларев чиги нилъеда гьоркьов къанагIатги ватиларо. КIудияб ВатIанияб рагъул бухIи хъатIичеб хъизанги батиларо.

Бергьенлъи босун 75 сон аниги, гIодоб къалеб гьечIо рагъуца ккезабураб унти, жеги бида рецIцIулел руго гьелъ рекIелъ лъурал ругънал.

ЧIунтизарурал, риххарал шагьаразе, росабазе, заводалгун фабриказе, электростанциябазе ва гь.ц. ккараб заралъул къадар гIага-шагарго чIезабизе кIваниги, кинал цIадирабазда лъун борцинеб гIадамазда гьоркьор ккарал камиял?! Жеги чIезабизе кIвечIо камуразул къадар. Ана лъикIаздаса лъикIал. Цо лахIзаталъ цебе чIезабе гьадинаб сурат: букIинчIин те доб рагъ. КигIан цебетIураблъундай букIинаан нилъер улка!

Бищунго квеш кколеблъун буго гьаб заманалда нилъер бергьенлъи гIодобеГIан гьабулезул къадар цIикIкIунеб букIин. РакIчIола, руцIцIун чIани, нилъ КIиабилеб дунялалъул рагъулъ гIахьаллъизего гIахьаллъичIин чIезабизе лъугьине рукIиналда. Щай гьедин гьабизе лъугьунел ругел? ЩайгурелЪул, къватIисел пачалихъазул бутIрузе бокьун буго нилъер гIолеб гIелалда умумузул бахIарчияб тарих кIоченабизе, гьеб жидеца бихьизабураб къагIидаялда хьвадизе, къокъгьабун абуни, нилъер ирсилал жидее мутIигIаллъун гьаризе. Гьелъул хIасил кинаб ккезе бегьулебали бичIчIине захIматаб жо гуро. Нилъер аза-азар рагъухъабаз гIумруги кьун, фашистазул **«этеказда гъоркьа рахъарал»** пачалихъабазда гьабулеб бихьараб заманалда ракI гьанцIула. Гьенир хвезарулел руго нилъер рагъухъабазе эхетарал памятникал, риххулел руго хобал, бицунебги хъвалебги буго советияб халкъ оккупантлъун букIанилан. Гьеб гьезул яхI-намусалда барабалъун букIине биччан те. Цого-цо нилъеца гIолеб гIелалъул ургьибе биун тIезе ккола букIараб хIакъикъат. Гьеб хIадур гьабизе ккола КIудияб ВатIанияб рагъул жеги балъго хIутIараб хIакъикъат тIатинабиялде. Гьелъул жеги гIемерал **«хъахIал»** тIамчал руго. Гьедин кин абилареб, жеги мухIкан лъалеб гьечIо нилъер районалдасацин рагъулъ гIахьаллъаразул къадар, гьеб рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъул хIакъикъат. Рагъул гIахьалчагIазул нилъер районалда хутIана кIиго чи. Гьезухъе сайгъат – саламгун зама-заманалда тIаде щола районалъе, батIи-батIиял гIуцIабазе нухмалъулелгун гIадатиял гIадамал. Гьединаб заманалда гьезул гьурмазда кунчIула разилъиялъул канлъи ва бадиб хулула магIу.

Ункъо соналъ халат бахъараб рагъулъ дунялалда тIад бищунго къуватаб армия нилъер халкъалъ накалда лъуна фронталдаги тылалдаги бихьизабураб бахIарчилъиялъ, гьелъул цоцалъ гъункиялъ, эркенлъудегун ВатIаналде бугеб рокьиялъ. Гьеб кIочене ва гIолеб гIелалъухъе гьелъул х1акъикъат кьечIого тезе нилъер щибниги ихтияр гьечIо.

**ХI. КАРИМОВА**

# Хурул хIалтIабазул заманалда...



Лъиего балъголъи гуро хурул хIалтIабазул заманалда цIаккеял цIикIкIунеллъи. ЦIаккеялдаса нилъго ва тIабигIат цIунизе ккани, кинго бегьуларо бакъвараб араб соналъул хер, хурзабахъа хIалухъин бакIарун хадуб гъоркь хутIараб сумал ахалъи, чIар бухIизе, цебе ккаралъуб цIа бакизе.

ТIаде щолеб буго хъачIаб ратIи – хер хIадурулеб ва х1алухъин бакIарулеб заман. Гьеб ккола цIаккеялда бищунго хIинкъи бугеблъун. Гьелъ, гьел кампанияби байбихьилелде хIадур рук1ине ккола. Щиб гьабизе гIадамаздагун росдал магIишаталъул гIуцIабазда тIадаблъун бугеб?

ТIоцебесеб иргаялда, тIадехун рехсарал хIалтIаби гьарулегун бицине ккола цIаккеялдаса цIуниялъул къагIидабазул. Хадусан хал гьабизе ккола ратIи – хер, тIощел цIуниялъе рихьизарурал бакIазул. Гьенир чIезаризе ккола цIаялдаса гьел цIуниялъе киналниги шартIал.

Рохьаздехун, шагьранухаздехун хурзабазул ратIаллъаби ккола ругони, дагьабго манзилалда реци яги рекьи гьабизе ккола, гьединго, цIикIкIараб хIинкъи бугел бакIазда сордо - къоялъулаб хьаравуллъи чIезабизе, техника лъикI хIалтIулеблъун ва цIаккеялъе хIинкъи гьечIеблъун букIинабизе ккола.

Хурзабахъ, харибакIазда хIалтIи гьабулеб заманалда бакIалда чIезабизе ккола цIа свинабиялъе хIажатабщинаб.

Халатбахъараб бакIари бугеб заманалда цIаккеял цIикIкIуна. Гьединаб мехалъдагълъизабизе ккола рохьазде, харибакIазде, хурзабахъе техникаялъулгун гIадамазул хьвади. ЦIаккеялдаса цIуниялъе рихьизарурал нормабигун къагIидаби цIунани, цIаялъ гьарулел балагьазул къадар гIемерго дагълъизе букIиналда щибниги щаклъи гьечIо.

**З. ГIАЛИЕВ, УСХялъул директор**

# Дезинфекция гьабулеб буго



Коронавирус районалда тIибитIунгутIиялъе гIуцIараб штабалъул хIукмуялда рекъон, анкьида жаниб лъабго нухалъ ва къаси – къад батIалъи гьечIого, районалъул гIуцIабазулгун гIемерал квартирабазул минабазда дезинфекция гьабулеб буго. Дубкиялъул администрациялъул хIалтIухъабаз гьеб жидерго къуваталдалъун т1убалеб буго.

Учреждениябаздагун организациябазда дезинфекция гьабиялъул хIалтIаби тIоритIулел руго техническиял хIалтIухъабаз.

ЦIикIкIараб хIадурлъиялъул ва хIалтIул гьоркьобкъотIи биччазе бегьуларел учреждениябазегун организациябазе жалго цIуниялъул ва дезинфекция гьабиялъул алатал АХЦялъ чIезарурел руго.

# ОМВД сообщает...

В последнее время сотрудники ОМВД предупреждали о возможных махинациях банковских мошенников. Тем не менее, надеясь на мифическую прибыль, наши люди легко идут на контакт с мошенниками и лишаются своих денежных средств.

Так произошло с 20- летней жительницей республики. Ей позвонил мужчина и, преставившись сотрудником банка, сказал, что ей начисляют бонусы на 1100 баллов.

Для их использования девушка должна была сообщить ему номер пластиковой карты и код. После всего этого она лишилась 30 тыс. рублей.

Полицейские устанавливают личность мошенника.

В прошлом году в республике было 250 случаев хищения денег со счетов.

**Уважаемые казбековцы!**

Будьте внимательны. Если поступил звонок, связанный с банком, не давайте никакой информации, а свяжитесь с работниками банка, или сами сходите в банк.

# ПРОКУРАТУРА ИНФОРМИРУЕТ

Прокуратура утвердила обвинительный акт по уголовному делу в отношении жителя района за совершение преступления, предусмотренного ст. 264.1 УК РФ (нарушение правил дорожного движения, лицом, находящимся в состоянии опьянения и имеющим судимость за совершение аналогичного преступления).

13.11.2018 года он был признан мировым судом виновным по аналогичной статье; но имея непогашенную еще судимость, употребив алкогольную продукцию, 29 марта 2020 года в нетрезвом виде он выехал на автомобиле в с. Ленинаул, где его действия были пресечены сотрудниками полиции.

Прокуратура направила уголовное дело в районный суд для рассмотрения по существу.

Дин ва гIумру

# ХIеж борхи хисизе бегъула




Гьаб соналъ хIеж борхиялда сверухъ раккулел суалазе жавабал кьуна Росси-ялъул хIеж борхиялъул вакиллъиялъе нухмалъулев ХIизбула Асуевас.

Гьес абуна: **«Жакъа къоялъ гьаб со-налъ хIеж борхиялда сверухъ раккулел суалазе жаваб кьезе захIмат буго. Коро-навирус унти тIибитIиялъ хисизаруна нилъер гIумруялъул гIезегIанго рахъал. РакIалде ккола гIагараб заманалда хIеж борхиялъе чIванкъотIараб жаваб щве-лилан. ЦIакъго кIудияв хиса – басиял ккечIони, бусурбабазе хIеж борхиялъе рес щвела, амма гьелда гьоркьор раккизе бегьула цере рукIинчIел цIиял къагIидаби (миса-лалъе: хIежалде унезе букIине бегьула медицинаялъул халгьаби).**

**ХIеж борхиялъул къисмат бараб буго СагIудиязул ГIарабиялдаги. ХIеж борхиялъе квер-бакъулел гIуцIабилъун рихьизарун руго – «АВН Тур», «Булгар – Тур», «ДУМ РТ Хадж», «Марва – Тур, «Сафа – Тур», «Муслим – Тур», «Умма Тревел», ТФ «Кавказ» ОООял ва «Ингушетиялъул бусурбабазул рухIияб Центр».**

**Гьаб соналъ цIикIкIун буго хIеж борхиялъе ихтияр кьолеб путевкаялъул багьаги. Гьелъие гIиллалъун ккола гостиницабазда рукIиналъул ва цогидалги хъулухъазул багьаби цIикIкIин. Гьединго, гьаб соналъ визаби кьеялъухъ унеб буго 80 доллар, медицинаялъул страховка-ялъухъ – 45 доллар. Арал соназ гьел хъулухъал чIорого гьарулаан. Путевкаялъул багьа цIикIкIиналъе цогидал гIиллабилъун ккола инфляция ва долларалъул «багьа» цIикIкIин. ХIеж – вакиллъиялъул сайталда букIине буго гьеб борхиялъул хIакъалъулъ кинабго инфор-мация»,** - ян.

# КIалкквеялъул хиралъи



Къуръаналда буго (магIна): **«Я гьал иман лъурал гIадамал, нужеда кIалкквей паризаяблъун гьабун буго, нужеда церехун рукIарал умматазда тIад гьабун букIараб гIадин»** («Бакъара», I83).

Ай, Адам аварагасдаса (гI.с.) бахъараб, киналго аварагзабазул умматазда тIад лъун букIана кIал- кквей. Нужеца гIасилъабаздаса цIуни тIалаб гьабе кIал кквеялдалъун, щайин абуни, кIалкквеялъ шагьватаде данде рагъ гьабула. ХIадисалда буго: **«Я гIолохъанаб агьлу, щив чи вугониги чIужу ячине хIал кIолевлъун, нужеца чIужу яче. Гьелъулъ чияр руччабазде балагьиялдаса нужер берал цIуниги, зина- хатIаялдаса нужер гIавратал цIуниги буго. Щив чи вугониги, чIужу ячине хIал кIоларев, унтиялдалъун яги рес гьечIолъиялдалъун бугониги, гьев чияс кIал кквеялда тIадчIей гьабе. Гьеб буго шагьватаде данде рагъ гьаби»**, - ян.

Щив вугониги кIал кквезе хIал кIолареб хIалалъ унтун, кIал кквейгун цадахъ гьоб унти цIикIкIун захIмалъулебги бугони яги хIалалаб сапаралда вугони, кIал кквезеги захIмалъани, гьеб сабаблъун жинца кIалги биххани, цогидал къояз хисун кква, ай, бецIун кквеян абулеб буго нилъеда ТIадегIанав Аллагьас. Аварагасдасан бицана хIадис: **«ТIадегIанав Аллагьас вижана ункъабго рахъалдехун жиндир гьумералъул куц бугев, гьумералъул цояб рахъалдаса цогидаб рахъалде азарго соналъ инсан вилълъанхъизегIанасеб нух бугев малаик. Цояб гьумералдалъун гьес, дунял бижаралдаса Къиямасеб къо чIезегIан, сужда гьабула, суждаялъулъги абула: «БетIергьан, Дур вацIцIалъи, Дур тIадегIанлъиялъул кIодолъи ва берцинлъи!»**-ян.

КIиабилеб гьумералдалъун гьев валагьун вукIуна ЖужахIалде ва абула: **«Балагь буго гьеб ккарав чиясе!»** - йилан.

Лъабабилеб куцалдалъун гьев валагьун вукIуна Алжаналдехун ва абула: **«Рохел-лъикIлъи буго гьаниве Алжаналде жаниве лъугьарав гьелъул агьлулъун вугев чиясе", - ян.**

Ункъабилеб гьумералдалъун гьев валагьула Аллагьасул ГIаршалде ва абула: **«Я БетIергьан, Мун гурхIа МухIаммад Аварагасул умматалъул рамазан моцIалъ кIал ккурал чагIазе Дуца гIазабги гьабуге!»** - йилан. (Муслим).

**Исламияб календаралдаса босараб**

## Коронавирусалъул х1акъалъулъ ахирияб баянал (30.04.2020 с.)

Дунялалда унтаразул къадар – **3 млн. 120 азарго**, сахлъаразул – **932 азарго** ва хваразул - **217 азарго** чи.

Россиялда унтаразул къадар – **106 498**, сахлъаразул - **11 619** ва хваразул - **1073** чи.

Дагъистаналда унтаразул къадар – **1389,** сахлъаразул - **112** ва хваразул - **12.**

# Уважаемые жители района!

Пожароопасным периодом считается период со дня схода снежного покрова до установления устойчивой дождливой осенней погоды или образования снежного покрова.

Согласно постановления администрации МР «Казбековский район» от 19.03.2020г №33 в нашем районе в этом году пожаро-опасный период начался с 1 апреля и продлится до I октября.

В связи с наступлением пожароопасного периода необходимо соблюдать и выполнять следующие требования Правил пожар-ной безопасности в лесах:

Разведение костров допускается на площадках, очищенных до минерального слоя почвы полосой шириной не менее 0.5 метров.

После завершения сжигания порубочных остатков или ис-пользования с иной целью костер должен быть тщательно за-сыпан землей или залит водой до полного прекращения тления;

Запрещается:

бросать горящие спички, окурки и горящую золу из куритель-ных трубок, стекло (стеклянные бутылки, банки и др.);

употреблять при охоте пыжи из горючих или тлеющих мате-риалов;

оставлять вне предусмотренных специально для этого местах промасленные и пропитанные бензином, керосином или иными горючими веществами материалы (бумагу, ткань, паклю, вату и т.д.);

Запрещается засорение леса бытовыми, строительными, промышленными или иными отходами и мусором.

Сжигание мусора, вывозимого из населенных пунктов, может производиться вблизи леса только на специально отведенных местах, при условии что:

а) места для сжигания мусора (котлованы или площадки) располагаются на расстоянии не менее 50 метров от лиственного леса или отдельно растущих лиственных деревьев;

б) территория вокруг мест для сжигания мусора (котлова-нов или площадок) должна быть очищена в радиусе 25-30 метров от сухостойных деревьев, валежника, порубочных остатков, других горючих материалов или окаймлена двумя минерализо-ванными полосами, шириной не менее 1.4метра каждая.

В период пожароопасного сезона сжигание мусора разреша-ется производить только при отсутствии пожарной опасности в лесах по условиям погоды и под контролем ответственных лиц.

Запрещается выжигание травы на земельных участках, непо-средственно примыкающих к лесам, защитным и озеленительным лесным насаждениям, без постоянного наблюдения.

Лица, нарушившие требования Правил пожарной безопас-ности в лесах привлекаются к административному наказанию по статье 8.32 КоАП РФ, части 1-4 «Нарушение правил пожарной безопасности в лесах»,

которая предусматривает наложение административного штрафа:

- па граждан от 1.5 тыс. рублей до 5тыс. рублей;
- на должностных лиц от 10 тыс. рублей до 50,0тыс. рублей;
- на юридических лиц от 50,0 тыс. рублей до 1.) млн. рублей.

Уважаемые граждане! Сохраним для потомков красоту лесов!

**К.Г. Казбеков, лесничий ГКУ «Казбековское лесничество.**

Дилим росдал лицеялъул коллективалъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Зумурат МухIама-доваладa ва тIолабго гIагарлъиялда – эбел

**ПатIимат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиб гьабеги гьелъие.

---

Дилим росдал администрациялъул бетIер Ибрагьим МухIамадовас, депутатаз ва хIалтIухъабаз зигара балеб буго хъизан – лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда –

**Мурадисов ХIамзат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

*БетIерай редактор: Джамиля ХIабирахIмановна ГIабдулахIитова 55-48-94 Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*

*Набор: Меседо ХIайбаева Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова. Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61*

*Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьюте-ралъул цехалда. Графикалда рекъон, печа-талде кьураб заман 16.00. ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №368 Тираж 1182 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*